

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dina ieu bab dicindekeun sababaraha hal hasil panalungtikan nyaéta kamampuh siswa dina ngaregepkeun pupuh saméméh jeung sanggeus ngagunakeun *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja*, béda signifikan hasil diajar siswa dina ngaregepkeun pupuh saméméh jeung sanggeus ngagunakeun *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja*, jeung éféktivitas *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja* dina pangajaran ngaregepkeun pupuh.

Hasil nu baris didadarkeun tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a) Kamampuh ngaregepkeun pupuh saméméh ngagunakeun *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja* kaasup kana katégori can mampuh katitén tina jumlah 30 siswa ukur 16 urang (53.3%) anu mampuh, sedengkeun sésana 14 urang (46.7%) can mampuh. Sipat data pretest dina ieu panalungtikan distribusina normal. Hasil uji normalitas data pretest baris dicindekkeun yén $X^2_{itung} < X^2_{tabél}$, atawa $4.00 < 11.34$ anu hartina ieu data pretest téh miboga distribusi anu normal.
- b) Kamampuh ngaregepkeun pupuh sanggeus ngagunakeun *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja* kaasup kana katégori mampuh kapaluruh tina jumlah 30 siswa aya 27 urang (90%) anu mampuh, sedengkeun nu can mampuh, aya 3 urang siswa (10%). Sipat data posttest dina ieu panalungtikan distribusina normal. Hasil uji normalitas datana baris dicindekkeun yén $X^2_{itung} < X^2_{tabél}$ atawa $7.94 < 11.34$ hartina ieu data posttest miboga distribusi anu normal.
- c) Uji homogénitas data nu dianalisis kapaluruh yén niléy F_{itung} nyaéta 1.13, sedengkeun niléy F_{table} niléy dk=29 kalayan tingkat kepercayaan 0.99 nyaéta 2.46. Ku kituna, bisa dicindekkeun $F_{itung} < F_{tabél}$, atawa $1.13 < 2.46$ hartina ieu datana

homogén. Saterusna data hasil pretest jeung posttest didistribusikeun dina tabél uji gain (d). Hasilna nyaéta aya béda nu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun pupuh saméméh jeung sanggeus ngagunakeun *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja*. Kapaluruh tina jumlah (Σ) data pretest nyaéta 2030 (67,67 dina wangun rata-rata), sedengkeun data posttest 2410 (80,33 dina wangun rata-rata). Jadi bédana (d) nyaéta 380 (12,6 dina wangun rata-rata). Cindekna, hasil ngaregepkeun pupuh sanggeus ngagunakeun *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja* ngaronjat sabab ditilik tina présentase gain (d) 90% unggal aspékna ningkat. Ieu hal dumasar kana jumlah unggal aspék antara data pretest jeung posttest.

- d) Aya béda signifikan antara pangajaran ngaregepkeun pupuh saméméh jeung sanggeus ngagunakeun *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja* dumasar kana uji hipotésis anu hasilna $t_{itung} > t_{tabel}$, katitén yén t_{itung} nyaéta 6.6, sedengkeun niléy t_{tabel} tina derajat kebébasan 29, kalayan tingkat kepercayaan 99% nyaéta 2.46. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén $t_{itung} > t_{tabel}$ atawa $6.6 > 2.46$ hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. *Média audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja* signifikan dina ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun pupuh siswa. Ku kituna, ieu *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja* kawilang éféktif.

5.2. Saran

Luyu jeung hasil panalungtikan, aya sababaraha saran anu diébréhkeun saperti ieu di handap.

- 1) Hasil ieu panalungtikan nuduhkeun yén *media audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja* téh éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh ngaregepkeun pupuh. Ku sabab kitu, ieu *média audio Pupuh Raéhan sanggian H. Yus Wiradiredja* bisa dijadikeun salasihiji pangajaran anu kréatif pikeun pangajaran ngaregepkeun, hususna ngaregepkeun pupuh.

- 2) Guru-guru basa Sunda kudu leuwih parigel deui dina milih jeung nangtukeun bahan ajar, media, metode jeung model pangajaranana. Ieu hal pikeun ngirut minat siswa dina diajar basa Sunda.
- 3) Ieu panalungtikan masih loba kakuranganana. Alatan ukur ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu dilaksanakeun panalungtikan anu leuwih jembar, ku cara ngagunakeun métode penelitian anu séjén.